Сондай-ақ, Өзбекстанның жақын жыллар ишинде дүньяда экономикалық «жолбарыс»қа айланыўы, халық абаданлығы, елимизден бурын көрилмеген дәрежеде спорт бойынша дүнья чемпионларының шығыўы буның айқын дәлийли.

Биринши Президентимиздиң елимизди жоқары мәнәўиятқа шақырыўы - миллий идеяның әхмийетиниң көтерилиўине, руўхый дүньямыздың құдиретли күшке айланыўына алып келди. Нәтийжеде, Ислам Каримов айтқан «Жоқары мәнәўиятқа ийе болған жәмийет, мәмлекет, инсан хеш кимге бағынышлы болмайды. Өзиниң ким екенлигин толық түсинген, хеш кимнен кем емеслигин билген халықтың келешеги жарқын» деген идея әмелге асып, мәмлекетимиз дүнья жәмийетшилигинен мүнәсип орын алды хәм өз тәғдирин өз қолы менен дүзип, жайнап-жасап бармақта.

Демек, елимиздеги 25 жыл ишиндеги уллы табыслар, жетискенликлер Биринши Президентимиз бас болған миллий идеяның күши, жоқары мәнәўияттың әжайып көриниси болып, олар келешекте Өзбекстанның раўажланған еллердиң қатарына қосылыўының гиреўи, пәраўан, еркин турмысының тийкары болып есапланады.

## ҒӘРЕЗСИЗЛИК ДӘЎИРИ ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ РАЎАЖЛАНЫЎЫНЫҢ БАСЛЫ БАҒДАРЛАРЫ

**К.Алламбергенов** - *филология илимлериниң докторы, профессор*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** мустақиллик ва бадиий адабиёт, сиёсий-ижтимоий, маънавий, иқтисодий турмушимиздаги ўзгаришлар, ман қилинган мавзуларнинг ёритилиши, миллий мустақиллик ғоялари, қорақалпақ-эпик поэзияси асосий йўналишлари, наср ва драматургия жанрлари, шакл ва бадиий изланишлар.

**Ключевые слова:** независимость и художественная литература, социально-политический, изменения в духовной и экономической жизни, освещение запрещённых тем, идеи национальной независимости, основные направления каракалпакской лиро-эпической поэзии, жанры, прозы и драматургии, форма и художественные изыскания

**Key words:** independence and a bells-letter style, social-political, changes in spiritual and economical life, writing interdicted themes, ideas of national independence, main trends of Karakalpak lyro-epic poetry, genres of prose and study of drama, form, artistic searches.

XX әсирдиң 90-жылларының басында бурынғы СССР деп аталмыш мәмлекетлик дүзим аймағында хәтте, пүткил дүньяда үлкен сиясий өзгерислер жүз берди. Социализмниң жер жүзилик системасы ыдырап, оның ҳақыйқый хәм түпкиликли ўатаны болған СССР да өзин-өзи тарқатыў жөнелисин биротала жуўмақлады. Енди баяғы буйрықпазлық, ҳәкимшилик басқарыў усыллары, улыўма алғанда, коммунистлик идеология өмир сүриў мүмкиншиликлерине ийе бола алмай қалды. Оның орнына пүткил дүньяда демократиялық жөнелислер ен жайып, миллетлердиң өзин-өзи таныўы, инсан ҳуқықы, көп партиялылық, пикирлер еркинлиги, президентлик басқарыў, мәмлекетлик ғәрезсизлик, бийғәрез мәмлекетлердиң дослық аўқамы, базар қатнасықлары усаған жаңа қубылыслар күннен-күнге хәўиж алып раўажлана баслады.

Бул жағдайлардың бәри Өзбекстан Республикасының, оның қурамындағы Қарақалпақстанның да өз алдына ғәрезсиз мәмлекет болып бөлинип шығыўына алып келди. Солай етип, 1991-жылы 1-сентябрьде Өзбекстан өз алдына ғәрезсиз мәмлекет деп дағазаланды. Ғәрезсизлик Өзбекстанның дүньяның көплеген еллери менен дипломатиялық байланыслар дүзиўине, БМШқа, басқа да халықаралық экономикалық, сиясий-социаллық, әскерий шөлкемлерге ағза болыўына, сырт ел инвестициясын енгизиў арқалы дүньядағы раўажланған мәмлекетлер менен экономикалық байланыслар дүзиўге, солай етип, адамгершиликке тийкарланған ҳуқықый-демократиялық, пуқаралық жәмийетин қурыўға кең мүмкиншиликлер ашып берди.

Сиясий-жәмийетлик, экономикалық турмысымыздағы бул өзгерислер бизиң руўхый-мәдений өмиримизге де сезилерлик дәрежеде тәсир жасады. Әсиресе, ең тәсиршең тараў болған әдебият-мәдeният сыяқлы идеологиялық салалар үлкен өзгерислерге ушырады. Әдебият идеялық мазмуны жағынан миллий ғәрезсизлик идеялары руўхында жаңаланыўға қарай бағыт ала баслады. Бир сөз бенен айтқанда, әдебият, көркем өнер идеологияластырыў, сиясатқа бағындырыў иллетлеринен биротала тазартылды, енди ол бурынғыдай бир партияға, яки болмаса белгили бир классқа хызмет етиўши емес, ал пүткил халықтың, пүткил инсанияттың мәплери ушын толғанатуғын, еркин метод тийкарында шығармалар дөрететуғын, пүткил инсаныйлық адамгершилик мәселелерине үн қосатуғын, ҳақыйқый демократиялық принциплерге тийкарланған миллий ғәрезсизлик идеяларын жырлаўшы бийғәрез ўатанның бийғәрез әдебиятына айланыў жолына қарай бет бурды.

Қарақалпақ жазыўшылары ғәрезсизликтиң биринши күнлеринен баслап қадаған етип тасланған темаларды халыққа көркем етип ашып бериў мәселесине батыл қол ура баслады, әдебиятта, көркем публицистикада тоталитар жәмийет тусында «халық душпаны» сыпатында жазықсыз қамалып кеткен, яки ўатанын илажсыз тәрк етип, басқа журтларға бас паналаўға мәжбүр болған, бирақ, халық, миллет мәпи ушын жан пидә қылған адамлар тәғдири ҳаққында дәслепки шығармалар пайда болды. Гейпара шығармаларда халық тарийхына жаңаша көз жүўыртыў бағыты айқын сезилип турды. Заманагөй темада пайда болған шығармаларда да жаңа дәўирдиң епкини мәлим дәрежеде көринис тапты.

Бул жаңаланыў дәўиринин әдебияты дөгерегинде өз ўақтында хәм хәзир де қызғын дискуссиялар хәм көзқараслар билдирилмекте. Биринши Президентимиз И.А.Каримов өзиниң Өзбекстан жазыўшыларына билдирген «Әдебиятқа итибар – мәнәўиятқа, келешекке итибар» деп аталған пикир, усынысларында «Тоталитар дүзим дәўиринде хуждан азабын ким көбирек тартқан десе, мен удайы бул өмирдиң мазмун-мағанасы, инсанның қәдир-қымбаты, ел-журт тәғдири ҳаққында қайғырып жасайтуғын адамлар хәм олардың алдыңғы қатарында болған дөретиўшилик ийелери деп айтқан болар едим» деген еди.

Ҳақыйқатында да, өз дәўириниң аўыр жарақатларын хәм халықтың шеккен зәхметлерин биринщилерден болып өзине қабыл еткен жанкүйер жазыўшы-шайырларымыз дәўирдиң ашшы ҳақыйқатлығын әдебияттың орайында туратуғын қахарман проблемасына сиңдирип жиберди. Солай етип, көркем әдебият, соның ишинде лирика бириншилерден болып өзиниң бас мақсети – ел-журт дәрти менен жасап атырған инсанның ҳақыйқый кәмил образын жаратыўға киристи.

Өткен әсирдиң 80-жылларының ақыры 90-жылларында қарақалпақ лирикасы да биз жоқарыда сөз еткен дәўирдиң машқалаларына терең араласып, «ашшы толғақ»ты басынан кеширди хәм ҳақ сөзди айта алатуғын лирикалық қаҳарманларды «дүньяға келтирди». Шайырлардың шығармаларында халықтың социаллық турмысын тез хәм дәл жеткерип бериўде лириканың ең жаўынгер жанры деп есапланған публицистикалық лирика өзиниң өмир хәдийселерине хәзир жуўаплылығы хәм қолайлылығы менен көзге түсти. Нәтийжеде бул дәўирдеги лирикада публицистикалық сыпат күшейди, күнделикли турмыстың ашшы ҳақыйқатлықларын сәўлелендириў тенденциясы тереңлести. Бул қубылыс бир тутас қарақалпақ поэзиясында, соның ишинде усы дәўир поэзиясында жетекшиликти өз қолына алған И.Юсуповтың дөретиўшилигинде де айқын көрине баслады.

Шайыр шығармаларында миллий ояныў дәўири идеялары көбирек лирикалық қаҳарманның жәмийеттеги этикалық хәм моралллық-психологиялық климатқа көзқарасы формасында бериледи. Бунда өткен дәўирдиң инсан психологиясына тийгизген унамсыз тәсирлери, этикалық дүньясында қалдырған қыңыр-қыйсық излери, адамлардағы әдеп-икрамлылық нормаларының турпайы түрде бузылыў жағдайларына лирикалық «мен»ниң белсенди мүнәсибетин көрсетиўде көбирек лирико-публицистикалық усыллардан пайдаланыўдың үстин болып барыўы, турмыс ҳақыйқатлығын көркем шынлыққа айландырыўда трагик картиналарға, документаллыққа мүрәжәт етиўдиң күшейгенлиги байқалады.

И.Юсуповтың публицистикалық лирикадағы бул лирик қаҳарман образын жаратыў дәстүри усы жылларда оның избасарлары болған К.Кәримов, Х.Дәўлетназаров, Ш.Аяповлардың лирикалық хәм эпикалық поэзиясында өзинше айрықша бир поэтикалық усылларда шеберлик пенен даўам еттирилди. Буның айқын мысалы сыпатында К.Кәримовтың «Аралдан келдим» топламындағы публицистикалық қосықлары менен «Жарадар сакуралар» поэмасының Х.Дәўлетназаровтың «Кимлигиңди яд ет!», «Халық халықлығын етпек керек», «Мениң жүрегимде жанбақта заман», «Ғәрип-Ашық, Шахсәнемлер қаяқта?», сыяқлы бир қатар қосықлары менен «Ийесиз журт» поэмасының, Ш.Аяповтың «Жан ҳалаты» поэмасының руўхыятына сер салыўдың өзи жеткиликли.

Ғәрезсизликтиң руўхый дүньямызға, миллий-эстетикалық санамызға тийгизген тәсирин соңғы он жыллықлардағы ҳаял-қыз жазыўшылар дөретиўшилигиндеги өсиўшиликтен де көриўге болады. Мысалы, ғәрезсизликтен алдыңғы жылларда ҳаял-қыз жазыўшылар дегенде Б.Бекниязова, Г.Есемуратова, Г.Шамуратова деп бир-еки исимди зорға таўып айтар едик. Ғәрезсизлик жылларында болса ҳаял-қыз жазыўшыларымыздың үлкен руўхый күшке айланғаны хеш кимге сыр емес. Буның бир айқын мысалы сыпатында көркем әдебият майданында пидәкерлик пенен мийнет етип киятырған Гүлайша Есемуратова, Сарыгүл Бахадырова, Гүлистан Матякупова, Нәбийра Төрешова, Бийбайша Аймухамедова, Дәўлетбийке Шерниязова, Гүлайым Турсынова, Пәтийма Мырзабаева, Минайхан Жуманазарова, Гүлистан Дәўлетова, Гүлнара Нурлепесова, Гүлнара Ибрагимова, Бийбиажар Нурназарова, Шәригүл Пайзуллаева, Алтынгүл Өтениязова усаған ҳаял-қыз жазыўшыларымызды атап өтиўимиз мүмкин.

Биринши Президентимиз И.А.Каримовтың «Ең уллы мәртлик-мәнәўий мәртлик» деп атап көрсеткениндей, бул ҳаял-қыз жазыўшыларымыз, ҳақыйқатында да, уллы мәртлик майданында пидәйы дөретиўшилик мийнет етип атырған әжайып инсанлар. Олардың мәртлиги, әлбетте, жай бирден көзге тасланбайды. Оны көз бенен көрип емес, жүрек пенен сезинип билиў керек. Бул ушын олардың руўхыятының айнасы болған көркем дөретпелериниң «жүрек липилине» қулақ түрген мақсетке муўапық келеди. Бул орында биз биринши гезекте ғәрезсизлик жылларында пидәкерлик пенен мийнет етип атырған бир дүркин ҳаял-қыз жазыўшыларымыздың ишинде Гүлистан Матякупова, Нәбийра Төрешова, Пәтийма Мырзабаева, Минайхан Жуманазарова, Гүлистан Дәўлетова хәм

Гүлнара Нурлепесовалардың дөретиўшилигин тилге алған болар едик. Себеби, бул ҳаял-қыз шайырларымыздың дөретиўшилигинде пәклик ҳәм мәртлик ырғақлары басқаларға қарағанда да айрықша бир көтериңки ҳаўаз бенен жырланатуғыны айқын көзге тасланып турады. Ҳақыйқатында да, бул ҳаял-қыз шайырларымыздың поэзиясында туўылған жер тәғдири ушын тек ғана жалған көтериңки пафостағы патриотизм емес, ал шын мәнисиндеги ҳақ кеўиллилик пенен билдирилген ой-пикир жүритиўлер, миллетимиздиң бүгинги ҳәм ертеңги өмирин терең баҳалаўшылық, сол ой-сезимлердиң әмелге асыўы жолындағы лирик қаҳарманлардың ҳақыйқый мәртлиги менен пәклиги ҳәм садықлығы, батырлығы бирден-ақ көзге тасланады. Олардың барлығы да ең алды менен халқымыздың Тумарис, Гүлайым, Қумар, Хүрлимандай батыр ҳәм мәрт аналарының жолына садықлығын билдирип, оларды даўам еткиси келеди, ал олардың поэзия майданындағы батыллығы менен ашык кеўиллиги, өткирлигиниң өзи усы мәртликти тастыйықлап, дәлийллеп турғандай сезиледи. Сонлықтан, бул қызларымыздың поэзиясындағы мәртликти олардың лирик қаҳарманларының қолларына туў көтерип, ҳәр қыйлы қарама-карсылықларға карсы жең түринип карсы гүресиў сыяқлы жалаң түсиниклер менен емес, ал идеялық-эстетикалық, поэтикалық шеберлик концепциясынан дурыс ҳәм тереңнен баҳалап түсиниўимиз зәрүр.

Бул орында айрықша Гүлистан Матякупованың көркем публицистикасы ҳәм публицистикалық поэзиясының орны гиреўли болды. Ол өзиниң «Жайҳун жағасында өскен байтерек», «Дәрьяға сүңгип баратырған қуяш», «Излегенлерим», «Айбалдақ», «Муҳаббат журты», «Қайтпақ ушын кетпектемен», «Уйғониш нашидаси» сыяқлы қатар публицистикалық ҳәм поэтикалық топламлары менен нәзик дидли сезимтал шайыр, ўақыт нәпесине ўақтында дәл жуўап бере алатуғын зәбердес публицист жазыўшы сыпатында көпшиликке кеңнен таныс. Ғәрезсизлик дәўириниң жемиси болған бул шығармалар өзиниң терең мазмуны ҳәм жоқары көркемлиги менен Гүлистанды тез ўақыт ишинде Ғәрезсизлик жыршысы сыпатында халыққа кеңнен таныпып, «Қарақалпақстан халық шайыры» атағы менен «Пидәкерлик» орденин алыў бахтына миясар етти. Себеби, оның бул шығармаларында ғәрезсизлик жылларында пайда болған уллы руўхый ояныў епкинлери: азат ҳәм абат ўатан дүзиў, пәраўан турмыс қурыў қуўанышы менен жаңаланыў ҳәм дөретиўшиликтиң кең қамраўлы мәрдана адымлары соныңдай жағымлы ҳәм гөззал ҳаўазларда барынша жар урып турды. Гүлистан бул лирикалық, публицистикалық шығармаларында тек Ғәрезсизлик жаршысы ҳәм жыршысы сыпатында көзге тасланып қоймастан, Ана журтын, гөззал ўатанын шын берилип сүйген ҳақыйқый ўатансүйер кәмил инсан, лирик қаҳарман сыпатында да сүўретленеди. Сонлықтан да, Г.Матякупова өзиниң лирикалық ҳәм эпикалық поязиясында сәўлелендирген ғәрезсизлик түсинигин ўатан түсинигиниң символы сыпатында сезинди, бул еки түсиникти бир-биринен бөлип алып қарамады. Мәселен, «Майсалар» қосығында автор ерте бәҳәрде тебендей шаншылып өсип шығатуғын майса шөп образы арқалы ўатанға болған меҳир-муҳаббатты былайынша сүўретлейди ҳәм бул нәрсе туўған жерге сүйиспеншилик мәселесинде ана тәбияттың инсан ушын үлги тутарлық тәреплерин бизге ескертип атырғандай түйиледи:

Яна ўсиб чиқар майсалар,<br>Бир қисим тупроқни оҳиста кучиб.

Мине, көрип отырғанымыздай, бул поэтикалық қатарлар ҳәм онда сүўретленген майсалардың ана жердиң бир қысым топырағын қушақлап өсип шығыўы – бул лирикалық қаҳарманның ўатанға болған сүйиспеншилик сезимлериниң поэтикалық образлар арқалы берилиўи қандай сулыў ҳәм күшли шыққан?! Бул көркем образлар айырым шайырлардың қосықларындағы ушырасып туратуғын: «ўатаным, мен сени сүйемен!», «Сен ушын жанымды беремен» деген сыяқлы қулақларды шаршатқан жалаңаш, стандарт пикирлеринен анағурлым дәрежеде жоқары турады. Я болмаса оның «Кекса гужум» қосығын алып қарайық. Онда тереңге сүңгиген беккем тамырлары менен суўық топыраққа төзим берип өсип турған бир кексе гүжим терегиниң сабырлылығы, өсип турған жерине садықлылығы, қәҳәрли қыстың суўық күнлерине де шыдам берип белин бүкпей тик ҳалында турыўы, қала берсе, узын шақаларының қартайған гүжимди таслап кетпей, оны қорғашлап турыўы – булардың бәри биринши нәўбетте инсанның өз ўатанына, туўылып өскен алтын топырағына садықлығының символы емес пе?!

Ғәрезсизлик бағыш еткен ел-журт ҳаққындағы усындай сезимлер, ўатанға болған сап муҳаббат, ондағы миллетлер аралық татыўлық, динлер аралық баўыры кеңлик, дослық-туўысқанлық темалары Қ.Жуманиязовтың «Ғәрезсиз өмирдиң дәўраны келди», М.Қарабаевтың «Байрам келди», Т.Қабуловтың «Бәрекелла, заманым», «Қарақалпақстан-әжайып дияр», Ш.Аяповтың «Ўатан», Ҳ.Айымбетовтың «Өзбекстан», Ә.Әжиниязовтың «Өзбекстан-ўатаным мениң», Н.Әметовтың «Әзиз ўатанымсаң, Өзбекстан» қосықларында да өзиниң ҳақыйқый көркем сәўлелениўин тапты.

Әлбетте, бул қосықлардың айырымлары бәлент-пәрўаз шақырықлардан да қуры алақан емес еди. Лекин, бул шақырықлар шын кеўилдиң шақырығы-Ғәрезсизликтиң қәдирине жетиў ҳаққындағы шақырықлар еди. Сол ушын да олар бүгинги күнди кешеги искенжели тоталитар дәўирдиң ўақыялары менен салыстырып жырлаўды да ҳеш ядтан шығармады. Ғәрезсизлик басып өткен бул қыйын ҳәм даңқлы жолды көрнекли ҳәм сүйикли шайырымыз Ибрайым Юсупов өзиниң «Мустақыллық майданынан өткенде» деген қосығында айрықша бир көтериңкилик руўхта публицистикалық жобада көркем сәўлелендирип берди. Қосықта шайыр ғәрезсизлик ушын жанын пида еткен халық қаҳарманларының аянышлы тәғдирин сөз етиў менен бирге, ғәрезсизликке ерискен өзбек-қарақалпақ халықларының дослық, туўысқанлық қатнасларының мәңгилик, олар таңлап алған жолдың айдын, саррас екенлигине, бул жолда еки туўысқан халықтың бәрҳама бирге болатуғынлығына, солай етип, азат ҳәм абат ўатан қушағында биргеликте өмир кеширетуғынлығына үлкен исеним билдиреди:

*Өзбекстан - Күншығыстың Шолпаны,*
*Көп қыйын жоллардан өтерсең асып,*
*Бинят болып азат инсан әрманы,*
*Жаныңды жақтыртар ығбал қуяшы.*
*Қутлы қәдемиңе «Ҳәсанат!» дийип,*
*Қану-қардаш болып қол берип қолға,*
*Қара қалпағымды шалқайта кийип,*
*Жаныңда бараман бул уллы жолда!*

Улыўма, бул дәўирде ғәрезсизлик темасы әдебияттың барлық жанрларында бир тутас сәўлелениў таба баслады. Атап айтсақ, проза тараўында Т.Қайыпбергеновтың «Кеўлимниң қамусы», «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен», «О дүньядағы атама хатлар», Ә.Пахратдиновтың «Сөйленбеген тарийх», «Шейитлер тәғдири», «Өткен әсир әўладлары», К.Алламбергеновтың «Дәрья тартылған жыллар», А.Абдиевтиң «Жин-жыпырлар уясы», С.Исмайыловтың «Жүрек галактикасы» романлары, Г.Есемуратованың «Бир шаңарақ ўақыясы», «Қызым, саған айтаман», «Дүўдендеги дәптер», М.Нызановтың «Жат журттағы жети күн», А.Султановтың «Өмир өткеллери», Ө.Өтеўлиевтиң «Теңиздиң жини», Б.Ерназаровтың «Таң атқанда» повестьлери, Б.Бекмуратовтың «Айтек пенен Сейтек ўақыялары» сатира-юморлық гүрриңлер топламы, Х.Сейтовтың «Өмир соқпақлары», Т.Алланазаровтың «Заман гәрдиши» мемуарлық дөретпелери, лирика ҳәм поэмашылықта Б.Қайыпназаровтың «Таң гүли» қосықлар топламы, И.Юсуповтың «Мәмелек ой», «Ўатан топырағы» поэмалары менен «Беглигиңди бузба сен» топламына енгизилген қосықлары, К.Рахмановтың «Ўатан туйғысы» қосықлар топламы, Ж.Избасқановтың «Қамал» драмалық поэмасы, Ш.Аяповтың «Жан ҳалаты» поэмасы менен «Тәбият ҳәм тәғдир» балладасы, С.Ибрагимовтың «Таңламалы қосықлары» Б.Генжемуратовтың «Могихан сөзи, яки Қытай жипегине жазылған битиг» тарийхый поэмасы, Г.Матякупова, Н.Төрешова, П.Мырзабаева, М.Жуманазарова, Г.Нурлепесова, Г.Дәўлетоваллардың қосықлары, драматургияда Т.Қайыпбергеновтың «Айдос баба» («Мың тиллаға тигилген гелле») трагедиясы, «Сахра бүлбили» драмасы, К.Рахмановтың «Ыңжықтың муҳаббаты» комедиясы, Б.Баймурзаевтың «Бәддиўа», «Пәлектиң гәрдиши», А.Султановтың «Нахақтан төгилген қан» драмасы, М.Нызановтың «Еки дүньяның әўереси», С.Жумағуловтың «Адамлар неге бузылған?», «Күйеўиңди берип тур», «Экстрасенс» комедиялары усындай ғәрезсизлик руўхында терең идеялық мазмунға ийе көркемлиги қунлы шығармалар болды.

Жаңа ўақыт нәпеси әдебиятқа жаңа тема, жаңа қаҳарманлар образын алып киргениндей, жаңа жанрлық формаларды да енгизди. Аўыл хожалығындағы фермерлердиң, турмыстың барлық тараўларындағы исбилерменлердиң, жәмийетлик қурылыста ғәрезсизлик ушын гүрескен мәмлекетлик искерлердиң, тоталитар жәмийет қурбанларының жаңа образлары, типлери пайда болды. Мысалы, бул дәўир поэзиясында урыс ҳәм оның ақыбетлери темасына бағышлап Б.Қайыпназаров «Алтын жүзик», И.Юсупов байлық, мал-дүнья, даңқ, абырой, ҳамал қуўып, инсанийлық жолынан адасқан адамлар тәғдирин сөз ететуғын «Мәмелек ой», ўақтында «жамай жаўы» болып жазықсыз қуўдаланып, жат еллерге шығынып кеткен ўатанласларымыз тәғдирин көрсетиўге арналған «Ўатан топырағы», Ж.Избасқанов туўылған жер, Ўатан азатлығы ушын жанын пида еткен қаҳарманлық ҳаққында «Қамал», Б.Генжемуратов өтмиштеги ата-бабаларымыздың ғәрезсиз түрк мәмлекетин дүзиў ушын алып барған гүреслерине бағышлап «Мөдихан сөзи, яки Қытай жипегине жазылған битик», Н.Төрешова туңғыш муҳаббат темасында «Перийзат», Ш.Аяпов туўылған жер тәбияты ҳәм оның ҳәзирги экологиялық ҳалаты ҳаққында «Жан ҳалаты» поэмаларын, Ә.Өтепбергенов адамгершилик, ар-ҳуждан, иләҳият мәселеси ҳаққында «Алланды умытпа» дәстанын дөретти. Усылардың ишинде Ж.Избасқанов поэмасы драмалық формада жазылса, Н.Төрешова лирикалық, Ш.Аяпов публицистикалық, Б.Генжемуратов тарийхый формаларды таңлаған.

Усындай тематикалық, жанрлық, формалық жаңаланыўлар, көркемлик изленислер прозада да айқын көзге таслана баслады. Атап айтсақ, ғәрезсизлик дәўириниң дәслепки он жыллығында қарақалпақ прозасында Т.Қайыпбергеновтың «Қамуснама», «О дүньядағы атама хатлар» шығармалары, «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен» роман-повестьлери, Ж.Аймурзаевтың «Қара бултлар» повести, Ш.Сейтовтың «Жаман шығанақтағы «Ақтуба» романы, Ә.Пахратдиновтың «Сөйленбеген тарийх», «Шейитлер тәғдири» романлары, А.Султановтың «Дәҳмет» атлы кино-романы, Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес», К.Алламбергеновтың «Дәрья тартылған жыллар», Ж.Муратбаевтың «Дығырық» романлары, А.Халмуратовтың «Тәғдирлес» повести менен «Жәннет бағы романы», С.Исмайыловтың «Жүрек галактикасы» романы менен «Пайғамбар ҳәм шайтанлар» повести, Ҳ.Айымбетовтың «Қара бүўра», А.Әбдиевтиң

«Жын-жыпырлар уясы» романлары, Г.Есемуратованың «Мың да бир кеширим», «Дүўйдендеги дәптер», «Бир шаңарақ ўақыясы» повестьлери, К.Мәмбетовтың «Түркстан» романы менен «Муҳаббат ҳәм әжел» повести, Ҳ.Хамидовтың «Ушқын» романы менен «Студент қыз» повести, М.Таўмуратовтың «Ақ түнниң көлеңкеси», М.Нызановтың «Жат журттағы жети күн» повестьлери, «Адам күлдиргени ушын» юморлық эссеси, А.Султановтың «Өмир өткеллери», Ҳ.Өтемуратованың «Қылқалы аўылы», Д.Есебаевтың «Аққан жулдыздың алыс шуғласы» повестьлери, Қ.Жуманиязовтың балаларға арналған «Тайыншақлы еки бала», Ә.Халмуратовтың «Қара таўық» повесть ҳәм гүрриңлери, Ө.Өтеўлиевтиң «Адамларға сырлас болсаң» очерк, публицистика ҳәм гүрриңлер топламы, «Теңиздиң жини» повести сыяқлы бир неше онлаған прозалық шығармалары, ал соңғы он жыллықларда болса, К.Кәримовтың «Аға бий», «Уллы даш бөрилери», «Ақ қапшық», Ш.Уснатдиновтың «Дәў кемпир», «Соңғы аңшы», «Шайырдың жаслығы», М.Нызановтың «Ақшагүл», «Ақырет уйқысы» повесть, романлары пайда болды. Аты аталған шығармалардың ишинде Ж.Аймурзаевтың «Қара бултлар», Ә.Пахратдиновтың «Шейитлер тәғдири», «Сөйленбеген тарийх» романлары менен Г.Есемуратованың «Бир шаңарақ ўақыясы», «Гөнерген сүреңлер» повестьлери, К.Кәримовтың «Уллы дашт бөрилери» романы тиккелей ғәрезсизлик темасына бағыш етип жазылды. Ал, Т.Қайыпбергенов, К.Мәмбетов, Ш.Уснатдинов, К.Алламбергенов, Ө.Өтеўлиев, М.Нызанов, Қ.Жуманиязов, Ж.Муратбаевлардың прозасы ғәрезсизлик темасына тиккелей арналмағаны менен, бул шығармалар идеялық-көркемлик дәрежеси бойынша миллий ғәрезсизлик идеологиясы талапларына жуўап беретуғын жоқары көркемликтеги қунлы дөретпелер еди.

Ғәрезсизлик жылларында әдебияттаныў илими менен әдебий сында да үлкен жаңаланыўлар жүз берди. Ең баслысы-көркем әдебият, мәдений мийраслар сиясатластырыў иллетинен қутылып, оларды баҳалаўдағы класслық, партиялық көзқараслар күн тәртибинен алынып тасланды. Соның нәтийжесинде болса керек, аўыз еки көркем әдебият пенен жазба әдебият тарийхында орны гиреўли көп ғана тарийхый тулғалар менен олардың әжайып мийраслары бүгинги күнде өзине ылайық ҳақғөй баҳасын таўып, халық арасында қайта жаңғырмақта. Буның айқын мысалы сыпатында пүткил адамзат дүньясының бийбаҳа байлығы болған Имам ал Бухорий, Имам ат Термизий, Шайх Нажиматдин Қубра, Баҳаўатдин Нақшбандий, Ахмад Ферғаний, Ахмад Яссаўий мийраслары менен исимлериниң қайта тиклениўин атап өтсек болады.

Бул мысалларды «Алпамыс» дәстанының 1000 жыллығының белгилениўи, Шолпан, Фитрат, Усман Насыр сыяқлы сөз зергерлериниң дөретпелериниң әдебиятлар тарийхынан қайтадан орын алыўы фактлери менен толықтыратуғын болсақ, әлбетте, ғәрезсизликтиң миллий қәдириятларымыз бенен аўыз-еки, жазба әдебий мийрасларымызды көздиң қарашығындай етип сақлаўға ҳәм оны терең үйрениўге кең мүмкиншиликлер ашып бергенлиги даўсыз.

Усындай миллий қәдириятлар менен бийбаҳа әдебий-мәдений мийрасларды миллий ғәрезсизлик идеясы көз-қарасынан үйрениў фольклор таныўшыларымыз бенен әдебият изертлеўшилериниң де нәзеринен шетте қалмады. Әдебияттаныў илиминде де мәдений мийрасларды жәриялаў, айырымларын қайтадан баҳалаў, ХХ әсирдиң 20-жылларына дейинги қарақалпақ шайырларының шығармаларын жаңаша пикирлеў, 20-30-жыллардағы әдебият тарийхын қайта қараў, қарақалпақ әдебияты тарийхын оқытыўды жаңадан бағдарластырыў усаған унамлы қубылыслар жүз берди. Атап айтсақ, 20-30-жыллардағы әдебиятымыз тарийхындағы Аяпберген, Аббаз, Сейфулғәбит, Қазы Мәўлик, И.Фазылов дөретиўшилигине байланыслы Ә.Пахратдинов пенен Қ.Байниязовтың бир қатар машқалалық мақалалары жарық көрди. Бердақтың «Хорезм» дәстанының авторлығы мәселесиндеги тартыслар да өз ўақтында әдебиятты қайта пикирлеўдиң әжайып үлгиси болып хызмет етти. Ҳәтте, белгили әдебият тарийхшысы И.Т.Сағыйтов «Хорезм-Бердақтың елеўли шығармасы» деген мақаласында «Хорезм» дәстаны ҳаққындағы өзиниң бурынғы пикирлеринен бас тартып, илимде үлкен алымларға тән жоқары илимийликтиң, мәдениятлылықтың үлгисин көрсетти. 90-жыллар басында көркем әдебиятты дәўирлестириў мәселелери бойынша да бир қатар жақсы пикирлер пайда болды. Атап айтсақ, профессор Қ.Камаловтың усы бағдарда «Қарақалпақ әдебияты тарийхын дәўирлестириў мәселелери» деген көп ғана батыл пикирлерди ортаға салған көлемли мақаласы жарық көрди. Бул бағдарда соңғы жылларда дағазаланған академик Ж.Базарбаевтың әдебият тарийхын миллий ғәрезсизлик идеялары руўхында қайта дүзиўге арналған қатар мақалалары айрықша итибарға ылайық.

XIX әсирдиң ақыры ХХ әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты ўәкиллери дөретиўшилигин қайта үйрениў, белгили бир системаға салыў, олардың дөретпелерин жыйнап, бастырып шығарыў мәселелери бойынша профессор Ә.Пахратдинов бир қатар елеўли жумысларды иследи. Оның көп жыллық изертлеўлери нәтийжесинде Аннақул, Омар, Қулмурат, Әбдиқәдир, Сыдық, Жаңабай шайыр дөретпелери миллий ғәрезсизлик көзқарасынан қайта үйренилди, олардың дөретиўшилигиниң өзиншелиги ашып берилди. Қазы Мәўлик, Қазақбай, Сәпиўра, Разбек Қоразбек улы, Нурлыбай шайыр, Рам шайыр Арзы улы, Қыдырнияз бақсы сыяқлы шайырлардың дөретпелери 20-жыллардағы әдебият тарийхына енгизилди.

Усындай машқалалар фольклор жанрларын қайта үйрениў мәселелеринде де көзге тасланды. Атап айтсақ, фольклордың ең ески жанрлары болған мифлер, әпсаналар, бәдик, гүлапсан, ярамазан, пәтия, алғыс, ғарғыслар миллий ғәрезсизлик көзқарасынан үйрениле баслады.

Фольклордың баслы жанрларының бири-дәстанларды да өткен өтмишимиздеги сиясатластырыў батпақларынан толық тазартыў ислери батыл қолға алынды. Бул мәселеде қарақалпақ тарийхый-қаҳарманлық дәстаны «Едиге»ниң арнаўлы түрде изертлениўи, 1997-жылы «Қырық қыз» дәстанын үйрениў бойынша халықаралық конференцияның Нөкисте өткерилиўи, «Қарақалпақ фольклоры»ның 100 томлылығының жарық көриўи пикиримизге толық дәлийл бола алады.

Соңғы жылларда да фольклорды, соның ишинде айрықша эпосларды миллий ғәрезсизлик көзқарасынан изертлеў ислери С.Бахадырова, Ю.Пахратдинов, Ж.Хошниязов, С.Қазақбаев, К.Палымбетов, Ж.Нызаматдинов, Ҳ.Жақсымовалардың илимий-изертлеў жумысларында даўам етилди.

Дурыс, соңғы ўақытларда әдебий сын фольклор ҳәм әдебият тарийхын изертлеў тараўларына қарағанда бираз артта қалып атырғандай көринеди. Деген менен, бул бағдарда Ж.Базарбаев, С.Бахадырова, Қ.Жәримбетов, Қ.Оразымбетов, М.Бекбергенова, Ж.Есенов, П.Нуржанов, З.Шамуратова, Ж.Сагидуллаевалардың мақалалары илимий-теориялық жақтан әдеўир терең жазылған сын пикирлер болды.

Бул жылларда әсиресе, Қ.Жәримбетов, Қ.Оразымбетовлар поэзияның теориялық мәселелерин изертлеў саласында жемисли мийнет ислеп, бир қатар мақала ҳәм монографиялар жәриялады. Атап айтсақ, Қ.Жәримбетовтың «XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы» монографиясында қарақалпақ классикалық лирикасының әдебий жанр сыпатында пайда болыў, қәлиплесиў ҳәм раўажланыў жолларына дыққат аўдарылса, Қ.Оразымбетовтың «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы» монографиясында ҳәзирги лириканың илимий-теориялық мәселелерине терең таллаў жасалынады.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ әдебияты ғәрезсизлик дәўириниң дәслепки күнлеринен баслап-ақ өзиниң еркин раўажланыў жолын айқын белгилеп алды ҳәм ўатанымызда ғәрезсизлик идеяларының раўажланыўына, оның әмелиятта ен жайыўына салмақлы үлес қосып атырған бийғәрез миллий әдебият дәрежесине өсип жетти.

**Әдебиятлар**


1. Алламбергенов К. Бийғәрез еркин ҳаўазлар. // «Әмиўдәрья», 2011, № 2,3,4.
2. Базарбаев Ж. Өзликти аңлаў - мәнәўият өзеги. -Нөкис: «Илим», 2016.
3. Оразымбетов Қ. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ әдебияты. / «Қарақалпақ әдебияты». Сентябрь-октябрь 2014-жыл, № 9-10 (45-46).
4. Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М. ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011.



**РЕЗЮМЕ**

Мақола мустакиллик даври қорақалпоқ адабиётининг ривожланиши масалаларига бағишланган бўлиб, унда давр адабиёти, мустақиллик даврида юз берган сиёсий-ижтимоий, маданий-маърифий ўзгаришлар фонида барча жанрларни қамраган ҳолда мажмуавий таҳлил этилди. Ривожланишнинг бош йўналишлари, унда юз берган жанрий, шаклий ўзгаришлар, бадиий усуллар ёркин мисолларда кўрсатиб берилган. Шу асосда қорақалпоқ адабиётидаги тараққиётнинг бош йўналишларини белгила болиниб, эркин ривожланиш йўлига чиқди, мустақил ватаннинг миллий адабиётига айланди, деган хулосага келинди.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается изучению путей развития каракалпакской литературы в период независимости. Анализируется многие жанры литературы периода независимости на фоне общественно-политических, экономических, культурных и духовных изменений, а также основные направления развития, изменения в жанре и форме. Автор статьи делает вывод о том, что каракалпакская литература периода независимости имеет свои основные направления, идёт по пути свободного развития и превратилась в независимую национальную литературу.

**SUMMARY**

The article deals with the study of development ways of Karakalpak literature at the period of Independence. There have been analyzed many genres of literarure on the foreground of social-political, economical, cultural and spiritual changes and the main trends of development, changes in a genre and form. The author of the article comes to the conclusion that Karakalpak literature of the period of Independence has its main trends, it is on the way of free development and turned into the independent national literature


# TÁBIYIY HÁM TEXNIKALÍQ ILIMLER